

# Mòpyon

Mòpyon (ke yo rele tou pou pibyen) se ti ensèk ki anvayi pwal pibyen yo. Mwens souvan, yo ka anvayi lòt kalite cheve nan kò tankou sil, sousi, moustach, bab oswa anbabra. Anjeneral, yo pwopaje nan kontak seksyèl. Yo kapab pwopaje tou nan kontak ak rad ak kabann yon moun ki gen mòpyon. Bèt pa pran oswa pwopaje pou pibyen.

## Sentòm yo

Sentòm yo gen ladan gratèl nan zòn pibyen an. Lè w gade ak je w senpleman, mòpyon yo sanble ti flak po. Ze mòpyon yo sanble pwen blan oswa gri ki tache sou pwal la.



# Mòpyon

## Prevansyon

Pa fè bagay avèk yon moun ki genyen mòpyon jiskaske yo konplete tretman yo.

## Tès

Pwofesyonèl swen sante ou ka gade zòn ki enfeste a pou di w si ou gen mòpyon.

## Tretman

Krèm ak chanpou ki gen medikaman ka geri mòpyon. Gen kèk nan tretman sa yo ki disponib san yon preskripsyon. Rad, dra ak sèvyèt yo ta dwe lave nan machin ak seche sou yon sik cho. Nenpòt lòt atik ki pa kapab lave ta dwe sele nan yon sache plastik pou de (2) semèn.

## Poukisa Pou w Jwenn Tretman

Si li pa trete, zòn lan ap kontinye grate. Kontinye grate zòn ki enfeste a ka lakòz lòt enfeksyon po grav.

## Patnè Seksyèl yo

Patnè seksyèl ak entim ou yo dwe egzamine tou epi trete pou yo pa re-enfeste w oswa pase enfestasyon an bay lòt moun.

Klinik Sante Seksyèl Vil New York yo bay sèvis konfidansyèl, ki pa koute chè oswa gratis ki gen ladan tès STI ak VIH.

Pou jwenn yon klinik,  
vizite  
**nyc.gov/health/clinics.**

## Mòpyon ak Gwosès

Nou pa konnen okenn efè grav gen mòpyon koze pandan gwosès la. Gen kèk chanpou ak krèm ki gen medikaman ke yo itilize pou trete mòpyon ki ta ka danjere pou fetis la, kidonk ou ta dwe di doktè ou si ou ansent oswa ap bay tete lè ou chèche tretman pou mòpyon.